

Nim. 202.57

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) bay mwen pou sispansyon oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay nenpòt direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase pa yon direktiv annapre ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.53, ki gen ladan kontinyasyon sètèn sispansyon, modifikasyon ak direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.22 rive nan 202.26, 202.32, 202.33, 202.34, 202.35, 202.44, ak 202.45 jiska 19 septanm 2020, eksepte sa nou pral site la:

- Seksyon 28-66 nan Chart Vil Buffalo;
- Nenpòt ekstansyon peryòd pou peye taks sou pwopriyete san enterè oswa sanksyon dapre Seksyon 925-a nan Lwa sou Taks sou Pwopriyete Imobilye a (Real Property Tax Law) pa an vigè ankò.

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou jiska dat 19 septanm 2020:

- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.5, jan yo pwolonje li, ki te mande fèmti tout espas amizman piblik pou popilasyon an, avèk dokiman sa a, li modifiye sèlman nan mezi pou pèmèt pis bowling yo ouvri apati dat 17 out 2020 konfòmman a enstwiksyon ke Depatman Sante (Department of Health) te pase yo.
- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.3, jan yo pwolonje li, ki te mande pou nenpòt jimnaz, sant oswa klas egzèsis yo sispansyon fonksyonman yo, avèk dokiman sa a, li modifiye sèlman nan mezi pou pèmèt yon jimnaz, sant oswa klas egzèsis fonksyone konfòmman a enstwiksyon ke Depatman Sante te pase yo; epi te pèmèt an plis, pou fonksyonman sa yo kòmanse pa anvan dat 24 out 2020, oswa chèf egzekitif lokal la ka ranvwaye yo konfòmman a enstwiksyon ke Depatman Sante te pase yo.

- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.48, ki te modifye direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.28 ki te pèmèt inisyasyon yon pwosedi oswa ranfòsman yon eviksyon nenpòt lokatè komèsyal poutèt yo pa peye lwaye oswa sezi nenpòt prè ipotekè poutèt yo pa peye prè ipotekè sa a li kontinye pou rive jiska dat 20 septanm 2020.
- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.53 ki te pèmèt rejyon Vil New York rantre nan Katriyèm Faz reyouvèti Eta a, avèk dokiman sa a, li modifye pou pèmèt aktivite atistik ak kiltirèl entèn san gwo danje yo ouvri apati dat 24 out 2020 konfòmman a enstwiksyon ke Depatman Sante te pase yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan ventyèm jou mwa out nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a